Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 10 (7566)
23 февраль
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ВатIан цIунулезул байрамгун!



РакI-ракIалъ баркула районалъул гIадамазда, рагъулгун захIматалъул ветераназда, Россиялъул Армиялда хъулухъ гьабулел ругел гIолохъабазда, тылалда хIалтIаразда ВатIан цIунулезул Къо!

Исана 23 февралалда нилъер цIар рагIараб Армия гIуцIаралдаса 115 сон тIубала. Къоабилеб гIасруялъул авалалда кьучI лъураб гьелъ нилъер тарихалда меседилаб хатIалъ хъвана нилъер тарихиял гьормал. Нилъер кIудияб пачалихъалъул ва гьелъул халкъалъул мурадал ва эркенлъи цIуниялъе гIоло къеркьараб БагIараб Армиялъ I94I-I945 саназда хIехьезе ккана КIудияб ВатIанияб рагъул бицун бажаруларебгIан захIматаб кьогIлъи.

Рагъул саназдаги ракълил захIматалдаги Россиялъул Армиялда батIи-батIиял бакIазда рагъулаб хъулухъ тIубазабулаго районалъул гIолохъабазги бихьизабуна кьо хIехьеялъул ва бахIарчилъиялъул мисал.

ЗахIматаб буго гьабсагIаталдаги ВатIан цIунулезда тIаде ккараб кьо. Гьале лъагIел тIубана I4 соналъ Украиналда бугеб гIурус халкъалда тIад националистаз тIадецуй гьабулеб букIун, Россиялъ гьениб спецоперация тIобитIизе байбихьаралдаса. Дунялалъулго пачалихъазул ярагъги тIаде рехун, захIматал рагъал унел руго гьениб. Спецоперациялда гIахьаллъулел руго нилъер районалдасаги 50 г1анисев гIолохъанчи. Украиналдаго рагъги лъугIизабиялъе, гьединго ВатIан цIуниялъулъ унго-унгояб мисал бихьизабулеб буго гьез. РакI-ракIалъулаб баркалаги кьолаго рагъ лъугIун тIадруссин гьарула жакъа гIолохъабазе!

Хадубккунги яргъилал къуватаз рекъел ва гIодобе биччараб ахIвал-хIал букIинабиялъе рихьизарурал хIасилал хвел гьечIел руго.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, халатаб, баракатаб гIумро, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Биччанте хадубккун нилъеда тIад роцIараб, ракълилаб зоб букIине. Щивасе гьабулеб ишалъулъ гьарула икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

## Призывалъул комиссиялъул данделъи

I5 февралалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана районалъул призывалъул комиссиялъул членазулгун дандчIвай. Гьелъул аслияб суаллъун букIана РДялъул жанисел ишазул Министерствалъул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул органазулги рихьизариязда рекъон, рагъулаб хъулухъалде гIолилал ритIи гIуцIадго тIобитIиялда бугеб хIадурлъиялда хурхун. Данделъиялда аслияб къагIидаялъ кIвар кьуна рагъулаб хъулухъалде гIадамал ритIиялда хурхараб гIемерал кIвар бугел рахъазде. Гьелъул аслияб мурад букIана комиссиялъ кигIан гIисиналги гIунгутIаби риччачIого рагъулаб хъулухъалде гьеб тIадал гIадамал ритIиялъул хIалтIи ин. Гьеб суалалда хурхун щибаб къойилаб хIалтIи гьабулебги буго районалда.

Санитариябгун эпидемиологиялъул комиссиялда

## Полиомиелит гьадингояб унти гуро!

Араб анкьалда района лъул администрациялъул данделъабазул залалда букIана санитариябгун эпидемиологиялъул ра-хъалъ дандечIеялъул комиссиялъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана района лъул муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, Собраниялъул пред. М. Юсупов, лъай кьеялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев М. ХIайбулаев, бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Унсоколо районалъул централияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, РДялъул Буйнакск шагьаралда бугеб Роспотребнадзоралъул Управлениялъул нухмалъулев ГI. ГIисаев ва цогидалги.



ГI. МухIамадовалъ щивасда бичIчIуле-духъ бицана полиомиелиталъ лъималазул сахлъиялъе кьолел захIмалъабазул, вакцина гьабичIони гьелъ кьезе бегьулел хIасилазул.

-ЗахIматаб куцалда унтизе рес буго вакцина гьабичIел лъимал, вакцина гьабураздасанги бахине рес буго унти гьеб гьабичIезде. Нижеца гьеб захIмалъиялъул дагьаб бицинчIо гIадамазда гьоркьоб, кинго рес гьечIо гьеб рахъалъ нужеца кумек гьабичIого. Гьеб сах гьабизе кIолареб унти лъималазде бахинчIого букIиналъе чара гьечIого хIажат буго эбел-инсуда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе. Щивасда гьеб бичIчIиялъе кумек гьабизе ккола росабазул бутIруз, учреждениязул нухмалъулез. Лъимал цоги нухалъ абуниги гьеб захIматаб унтиялдаса цIуниялъе кумек гьабичIого бегьулеб х1ал гьечIо. 27 февралалда байбихьула гьелъул тIоцебесеб иммунизациялъул тур. КIиабилеб тур тIобитIула тIоцебеселдаса хадуб моцI индал. Иммунизация хIажалъула 3 моц1 баралдаса 9 сон базегIан гIумроялъул лъималазе, цере щварал привывкаби малъичIого,-ян тIадчIей гьабуна данделъиялда ГI. МухIамадовалъ.

КIалъарав ГI. ГIисаевас бихьизабуна эбел-инсуца привывкаби гьарулел гьечIони гьеб унтуца кьолел хIасилал ц1акъго зах1матал руго, гьеб гьаблуеб гьеч1о кин щибали лъалеб лъачIолъиялъ ва божилъи гьечIолъиялъги. Гьелъ тIибитIун униеб буго унти ва гьеб буго цIакъ захIмалъиялде лъимер ккезабизе бегьулеб унти.

Жиндирго иргаялда ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе гIисиназдехун тIаса-масаголъи биччаларел гIадамал цIазе кколин ва тIолабго кIвар гьабсагIаталда гьеб унти гьукъиялде кьезе кколинги.

## Аппараталъул данделъи



Араб анкьалда букIана «Унсоколо район» МОялъул аппараталъулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул замал, отделазул начальникал.

Данделъиялда рорхана районалда хурхарал гIемерал суалал; районалда хIалтIулел проектал гIумроялде рахъинариялъул, хадубккунги гьезулъ гIахьаллъиялъул, цIиял объектал раялъул, ралел лъугIизариялъул, налогал ракIариялъул, ихдалил призывалъул, лъим чIезабиялъул, школазда ва ясли-ахазда хинаб квен кьеялъул. Гьединго бицана Р. ХIамзатов гьавуралдаса I00 сон тIубаялде хIадурлъиялъулги.

Гьенив кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас кIвар бус-синабуна школаздагун ясли-ахазда хинаб квен ва помещениязда хинлъи букIинабиялде.

Ихдалил призывалъул суал тIад къана М. ХIамзатовасда, бихьизабуна гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе кколин, кIвар буссинабуна ВатIан цIунизе унезул жавабчилъи борхизабизе кколинги.

Гьенибго Р. ХIамзатов гьавуралдаса I00 сон тIубаялде гьабулеб хIадурлъиялъул бицана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас.

БетIерас хутIарал суалазда хурхунги тIадкъаял кьуна жавабиязе.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 10 (7566)
Хамиз
23 февраль 2023 сон



МахIачхъалаялда ДГУялъул филфакалда школлъималазда гьоркьоб тIобитIана гIагарал мацIал цIуниялда хурхараб ахирисеб этап. Гьенир гIахьаллъана 250 цIалдохъан. ЦIалдохъабазда гьоркьоб гьединал къецал тIоритIиялъул аслияб мурад буго гIагарал мацIал тIагIине тунгутIи. Гьениб бихьизеги гьабуна тIадчIараб хIалтIи гьабичIони гIагарал мацIал тIагIиналда хIинкъи бугин.

# Мактаб

## БахIарчилъиялъе бакI камуларо



Дагъал церегIан къоязда, дарсаздаса хадуб, Зирани гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби тира-сверулел рукIана Рихьуни хIорил рагIалда. РакIалдаго гьечIого, жиндирго цIодорлъи гIунгутIиялъ I «а» классалъул цIалдохъан МухIамадов Юсуф циндаго вортун ана цIорораб лъадалъе. Вас хехгого тIерхьун унев вукIана лъададе гъоркье. ГIемер рикIкIад гьечIого вукIарав кIи-абилеб классалъул цIалдохъан МухIамадов ГIадаласда бихьана лъугьунеб бугеб талихI къвараб иш, гьев гIемер ургъичIого векерана жиндирго гьалмагъасе кумек гьабизе. ГIемер гIакъуба бихьичIого гьесухъе кквезе щвана гъанкъулев вугесул куртка ва вахъана хIорил рагIалде.

Нилъ рохизе ва чIухIизе бегьула, цо-цо мехалъ чIа-хIиязулцин таваккал гIолареб иш гьабурав гьитIинав бахIарчиясдаса!

Школалъул нухмалъиялъ бахIарчилъиялъе гIоло ХIурматияб грамотаялдалъун ва гIарцулаб шапакъаталдалъун вохизавуна вас.

**М. РАСУЛОВ**
**Зирани СОШалъул директор.**

## ГьитIинав бахIарчи

КIиго вас цIер чIвараб гIурул рагIалда
Тохлъукье цIерги тIун ана гIурулъе,
Т1ерхьун унев Юсуф, вортун ГIадалас
Бугеб къуватги кьун, къватIив вахъула.
ГIагараб школалъ, эбел-инсуца
ЛъикIаб тарбия щун, гIурав ГIадалав,
Кумек ахIичIого, хIинкъи гьечIого
Анкьго сон барасул бажари-гьунар!
Гьесул жавабчилъи жеги гьитIинго
Загьирлъана гьале, хIажатаб мехалъ,
ГIадалав гIадинав васасда цадахъ
Лъала, разведкаялъ ине бегьила.
Майданское росдал гьоркьохъеб школа
Нужер цIалдохъанас гьабуна гьунар,
ГIисагун ГIабидат нуж рохун таги
ГьитIинав бахIарчи гIезе гьавурал!
Инсанасул гIумру хвасар гьабурав
Медаль «За отвагу», хIалаллъарав вас,
ГьитIинав бахIарчи, гьарула дуе
Халатаб гIумругун щулияб сахлъи!

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.**

Мухбирас суал борхулеб буго

## Лъималазда малъизе ккола рахьдал мацIалъул кьучI

Щибжоха кколеб рахьдал мацI? ТIоцебе лъимералъ эбелалъул керенги хахун, гьеб лъимадул ургьибе тIоцебе рахьдал къатIра щварабго лъимер лъугьуна эбелалъул мацI бицунеблъун, кинаб миллаталъул гьей ятаниги. Лъалеб жо буго эбелалъул рахь лъимадуе сунцаниги хисуларебльи.

Дица абила жакъа унго-унголъун захIматаб хIалалда бугин рахьдал мацI,-абун. Гьеб улбузги нилъеда гъасда бицунеб батараб мацI цIунизе, гьеб бачIунеб гIелалда щиб кIваралъул жо-яли бичIчIизабиялде кIвар кьолел чагIиго ратулел гьечIо, жакъа къоялде гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIи бихьулеб буго гIей гьечIеблъун. Ва дица абила гьелъул гIаксалда нилъер гIисинаб гIун бачIунеб гIелалда гьеб кIочон тезе ва чияраб гьуин гьабизе, гьеб берцин бихьизабизе квербакъулел гIемерал ратулел ругин. Жакъа ясли-ахаздаги, школаздаги, къватIаздаги киса-кибего чияраб мацI тIибитIизабулеб буго нилъерго рахьдалабги добегIан цун. Щиб нилъер рахьдал мацI гьелдаса къабихIаб ва чорокабищха кколеб бугеб? Кин гьеб цIунилеб ва цIунизе кколеблъи бичIчIизабилеб?

Гьеб цIакъ захIматаб суал буго дир хIисабалда. Дир васасда яги ясалда рахьдал мацI малъугеян, нижее гьеб хIажат гьечIин абизе рачIунел эбел-эменги ругони (гьединал хIужабиги руго), гьелдаса чиярабги берцин бихьулеб бугони, гIисинаб гIелалда умумаз жидерго гъасда бицунеб букIараб мацI нилъер лъималазда кин лъазе бугеб?! ГIолев васасда яги ясалда цебе рохуца холаго абула эбел-инсуца азда гIурус мацI гурони нилъер мацI лъаларилан. Унго-унгоги рохизе ккараб жо гуроха эб бугеб, гьелъул гIасалда гIодизе ккараб жо буго, пикру гьабуни.

Дида бичIчIула нилъер мацI бичIчIуларев чиясда гIурус мацIалъ гурони кIалъалареблъи, гьелда дица гIайибги гьабуларо, амма бичIчIулареб жо буго магIарул миллаталда жал рижарал эбел-инсул лъимал росулъ жанир гIурус мацIалда гурони цоцазда кIалъангут1иялъе гIилла. Телефоназда гIуцIарал группабаздаги рагIула гIеме-рисел гьеб мацIалъ кIалъалел.

Гьесие гьаб щай, жал бокьухъе рукIинарищан ккезе бегьула цо-цоязда ракIалде, гьеле гьеб бокьа-бокьараб, ай жидер напсалъ малъа-малъарабха нилъеца гьабизе бегьулареб.

Гьаб бакIалда ракIалде щвезабичIого гIоларо кIиго-лъабго гуребха, цо гIамал капурзабазул берцин бихьун нилъеца гьабуни, нилъ къиямасеб къоялъ гьелгун, ай рокьаралгун рахьине гьаризе рукIин, Аллагьас цIунагиха гьелдаса, кигIан дагьабниги гIамал хутIизе гьечIо хIисаб-суал гьабичIого, жакъа къоялде щвезегIан гьеб лъалареб букIараб батани, гьанжеялдаса хадубгIаги лъалароанин абизе нилъее бакI гьечIо.

Гьаниб ракIалде щвезабичIого гIоларо ДагъистаналъулгIи ва магIа-руллъиялъулги дунялалда цIар рагIизабурав ва тIибитIизабурав нилъер магIаруллъиялъулго машгьурав поэт



Расул ХIамзатовас магIарул мацIалда хурхун абурал гьал хадусел къиматал ва машгьурал рагIаби:

**«Метер магIарул мацI хвезе батани**
**Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун»**,-абурал рагIаби. Жакъасеб къоялда магIарул мацIалъул иш кин ккезе бугебали гьесда доб мехалъго лъалеб букIун батизе ккола дир хIисабалда.

РакIчIун абизе кIола дида доб заманаялъ Дагъистаналда тIадчагIилъун рукIараз гIемерал хIалтIаби гьарунин рахьдал мацI цIунун хутIизе гьелда сверухъ,-абун. Хасго гьеб ишалда гьорлъ гIахьаллъана поэтал, хъвадарухъаби ва тIолабго интеллигенциялъул гIадамал. Жакъа къоялъ гIадин рахьдал мацI хутIиялъе цо щибниги ургъичIого, хадусеб анцIго сонидасан нилъ рахьдал мацIалдаса махIрумлъизеги бегьула.

Жакъа къваригIараб жо буго тIоцебесеб иргаялда нилъеца киназго цадахъ лъугьун нилъер рахьдал мацI цIуниялда тIад бажарарабщинаб хIалтIи гьабизе, дие эб щай,-ян течIого ва ясли-ахаздаса, школаздаса, киса-кибего нилъер лъималазда бичIчIизабизе умумазул гъасда бицунеб букIараб рахьдал мацIалъул магIна напсалъул букIиналъул бичIчIизабизе

Ахиралда цебе бицарабщиналъул хIисаб гьабулаго нужеда, ай цIалдолезда бичIчIизе бегьуларо дун, ай гьаб макъалаялъул автор гIурус мацIги бокьуларев гьебги рихарав чи вугилан. Гуро, гьелъул гIаксалда дие гьеб кутакалда бокьула. ТIоцебесеб иргаялда гьеб ккolelъул нилъер пачалихъияб мацI, жиб дунялалда тIадго машгьураб, жиндалъун дунялалда тIадго машгьурал гIурусазул поэтал: Пушкин, Достоевский ва Горький кIалъараб.

(Ахир 4 гъумералда)

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район

Собрание депутатов муниципального района 368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie

## П О С Т А Н О В Л Е Н И Е

от «09» февраля 2023 г. № 33

## Об утверждения Положения о жилищной комиссии Администрации МО «Унцукульский район»

В соответствии с Федеральным законом от 06 октября 2003 N 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», требованиями Жилищного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «Унцукульский район»,постановляет:

1. Утвердить Положение о жилищной комиссии АдминистрацииМО«Унцукульский район».

2.Признать утратившим силу постановление Администрации МО «Унцукульский район» №154 от 08.11.2022 «О создании Комиссии по изучению условий проживания и контролю соответствия документов, представляемых гражданами для обеспечения жильем детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей».

3.Настоящее постановление разместить на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» www.uncukul.ru.

4. Контроль исполнения настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И.М.Нурмагомедов**

## П О С Т А Н О В Л Е Н И Е

**от «09» февраля 2023 г. № 34**

## Об утверждении Положения «О порядке сдачи квалификационного экзамена муниципальными служащими Администрации МО «Унцукульский район» и оценки их знаний, навыков и умений (профессионального уровня)»

В соответствии с Федеральным законом от 2 марта 2007 года № 25-ФЗ

«О муниципальной службе в Российской Федерации», Законом Республики Дагестан от 11 марта 2008 года № 9 «О муниципальной службе в Республике Дагестан», Администрация МО «Унцукульский район» постановляет:

Утвердить Положение «О порядке сдачи квалификационного экзамена муниципальными служащими Администрации муниципального района «Унцукульский район» и оценки их знаний, навыков и умений (профессионального уровня)» согласно приложению к настоящему постановлению.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. М. Нурмагомедов**

# Полиомиелит

**Это инфекционное заболевание, которое вызывается полиовирусами. Инфекция протекает в разных формах: от стертых до очень тяжелых. Тяжесть инфекции обусловлена возникновением у заболевшего параличей (чаще конечностей), которые не всегда проходят бесследно.**

**Симптомы**

Полиомиелит у детей может протекать в разных формах, которые отличаются и по тяжести, и по характеру патологического процесса. Есть формы бессимптомные, стертые и с яркой клинической картиной. Среди последних наибольшую опасность представляет паралитический полиомиелит, который может приводить к стойким неврологическим осложнениям и даже смерти.

Первыми появляются выраженные симптомы интоксикации, к которым иногда присоединяются катаральные симптомы и признаки расстройства со стороны пищеварительного тракта. Спустя несколько дней у заболевшего ребёнка появляются неврологические расстройства: боли в спине и конечностях, симптомы раздражения оболочек мозга.

Затем появляются признаки, связанные с непосредственным поражением нейронов спинного мозга. Внезапно и с большой скоростью у малыша развиваются параличи, которые по характеру вялые. Появляется атрофия мышц конечностей. Обычно поражается плечо или бедро. Если в процесс будут вовлечены дыхательные мышцы, то это грозит развитием дыхательной недостаточности и летальным исходом. Иногда после перенесенной болезни у ребёнка не полностью восстанавливаются утраченные функции и остаются стойкие нарушения: деформации и контрактуры конечностей, их неравномерный рост, хромота, атрофия мышц, вялые параличи. Многие дети остаются инвалидами.

Заболевание передается преимущественно фекально-оральным путем через грязные руки, пищу, воду, общие вещи и игрушки. Также имеют значение воздушно-капельный и воздушно-пылевой пути передачи вируса.

Заразиться полиомиелитом можно от больного человека или от носителя столь опасного вируса. Стоит отметить, что на одного заболевшего приходится от 100 до 1000 носителей опасных полиовирусов. Поэтому отсутствие в окружении ребёнка лиц, больных полиомиелитом, не говорит о том, что встреча с возбудителем ему не грозит.

Берегите детей, вакцинируйте от полиомиелита. Ведь благодаря вакцинации мы можем спасти их от страданий!!!

## Объявление

**Уважаемые Шамилькалинцы!**

**ООО «Управляющая компания – Шамилькала» просит жильцов многоквартирных домов, у которых образовался долг по коммунальным услугам погасить до конца февраля 2023 г.**

**В случае не погашения долга по коммунальным услугам, согласно Постановлению Правительства Российской Федерации от 06. 05. 2011 г. № 354 и от 15. 05. 2013 г. № 416, Управляющая компания имеет право взыскать долг через судебные органы.**

**Контактный телефон:**
**8 903 428 98 63**

**Адрес: пос. Шамилькала, ул. Мусы Балаханского, дом 23 а, кв. 42**

**Время: с 9 00 до 18 00 ч.**

**Администрация ООО**
**«УК – Шамилькала»**

# Лъималазда малъизе ккола рахьдал мацIалъул кьучI

Дие къокъ гьабун бичIчIуледухъ абуни бокьун буго нилъер рахьдал мацI магIаруллъиялда цIунизе ва цIунун хутIизе, гьеле гьеб буго дир аслияб мурадги анищги. Щайгурелъул гьеб бугелъул эбелалъул рахьдадасан нилъее щвараб мацI.

Аллагьас нилъ киналго ахIайги жинца-жинца гьабулебщиналъул пикру гьабизе ва борцине, щибалда тIад ургъизе. Авар мацI цIунизе нилъ рахъинчIони чияцайищ гьеб цIунизе бугеб?

**МухIамадхIажи АХIМАДОВ**
**Нижер мухбир**
**Унсоколо росу.**

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСАН:**

**ГьабсагIаталда аваразул бищунго унтараб суалалда хъа тIана «Ахихъаналъул» цевегосев мухбир, Унсоколо росулъа жамагIатчи МухIамадхIажи АхIмадов. ХIакъикъаталдаги аваравлъуни бусурманчилъуни вукIун нилъецаго «гъанкъулеб» авар мацIалъул ургъел гьабуларев чиясда щиб ургъел букIинеб Аваристаналъулги, районалъулги, гьелъул букIинеселъулги. Нилъеда лъала гьветI кьалбаз кколеблъи, миллат мацIалъ кколеблъи. Гьелъул букIинеселъул абуни лъидаго ургъел гьечIо!**

**Заманаги хисулеб бугелъул «Араб батуларо, тараб щоларо»,-ян абиги бугелъул, тIубанго тIагIине течIого нилъерго рахьдал мацI цIунизе рахъани лъикIан нилъ. Гьаб калам рагIилин хьул буго культураялъул, маданияталъул отделалда, школазул авар мацIалъул ва литератураялъул мугIалимзабазда, эбел-инсуда, диниял гIадамаздагицин.**

**ВатIанги ВатIаналъул мацIги букIине ккола нилъер бидулъ, тIагIине тезе бегьуларо гьеб. РачIа киса-кибего гьаб макъалаги гьоркьоб лъун, рахьал мацIги эбелаб ВатIанги щиб жояли лъималазда бичIчIуледухъ хIалтIи гIуцIизин школазгун жамагIатаз.**

**Хириял аварал, рахьдада цадахъ нилъее щвараб мацI бокьулел! Хъвай нижехъе тIадехун рехсараб темаялъул хIакъалъулъ нужерго пикру. КIочонге, хвалда цебе Аллагьасде нилъ чияр мацIалъ гьардолареблъи. Рахьдал мацI цIуниялъул суалгун тIадехун рехсараб материал гьоркьоб лъезе буго нилъеца хадубккун.**




## Киназегойищ кофе рекъолеб?

РукIуна гIадамал кофе гьечIого жидерго гIумро цебе чIезабун бажаруларелги. Гьеб гьекъола гьира-цIа борхиялъе ва хIалтIул рахъ цебетIеялъе. Амма цIиял цIех-рехаз бихьизабухъе кофеялъ кьезе бегьула битIахъего ахIвал-хIалалде данде кколаребги эффект,-



ай чиясулъ гьелъ захIмат бокьулезулъцин борчIизабизе бегьула кIвахI.

Цо-цо рагьарачари гIемерал ва пикраби церетIурал гIадамал абуни гьелъ лъугьинаризе бегьула кIвахIалаллъун, гIодоре риччарал лъугьине рес буго хIаракаталлъун.

Редакциялде кагъат

# Сахлъиги талихIги даимлъаги, нужее!

Лъиданиги кIочон батиларо араб сонада США-ялъ дуняладаса гIемерал гIадамал гIажалалда гъоркье ккезариялъе къватIире риччарал вирусаздалъун халкъалда тIад чIезабураб зулмуялъулаб унтул заман. Ковидалъ дуняладаса ракьулъе руссинаруна ункъго бутIа гьабун цо бутIаялдаса цIикIкIарал гIадамал. КигIанго автораз Россиялъул халкъал лъугIиялъе бахъараб унти гьеб бугониги, рукъун хадур гъоларедухъ хвана киса-кирего гIадамал.

Ковидалъул унти бигьаго инчIо нилъер районалдаги. ГIемерал гIадамал хвана гьелъ нилъерги. Унтун хадур сахлъаниги саназ рукIалиде кколареб жагъаллъи гьабуна гьеб унтуца черхалъе, ай тIубанго лъугIулеб гьечIо гьелъ гьабураб зарал.

Гьедин ковидалъ чанго нухалъ унтун хадуб цIикIкIараб жагъаллъи черхалъе ккарай дица гIемер ахIизе ккола Шамилькъалаялъул больницаялъул «скорый». Гьелъ унтаразул лъугIун бахъунареблъидалха хъегIи, хIухьел босизе кIунгутIи, унтаразул гIемерал лугбал жагъал гьарунин гьелъ,-ян абуниги мекъи ккеларо. Дицаги гIемер ахIизе ккола тIадехун рехсарал хIужабаз «хехаб ахIиялъул» машина. Гьединлъидал районалъул «Ахихъан» газетаги гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго больницаялъул тIолалго врачазе, медхIалтIухъабазе, гьезул гIаданлъиялъулаб бербалагьиялъухъ, щивасул сахлъиялъул хъаравуллъуда чIезе бажариялъул къиматги гьабун.




РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьединго «хехаб ахIиялда» хIалтIулел гьелъул зав. Г. ГIабдурахIмановасе, фельдшерал Р. Зубаировалъе, А. ГIабдулхIамидовалъе, С. МухIамадовалъе, водителал; ХI. МухIамадовасе, М. ХIасановасе, Т. МухIамадовасе, Н. МухIамадгIалиевасе, М. НурмухIамадовасе.

Гьезул хехаб кумекалъ чанго нухалъ тIумро тIад буссинабуна дир. Сахлъиги талихIги даимлъаги, нужее, лъикIал гIадамал!

**Асият МУХIАМАДЗАГЬИДОВА.**
**Шамилькъала поселок**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 22. 2. 2023 г.
14. 30
фактически -15 . 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.